



Pou Piblikasyon Imedya: 01/08/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE LANSMAN SANT NASYONAL KOMEDI

Sant lan ap atire plis pase 114,000 Vizitè chak ane e lap jenere plis pase \$23 Milyon chak ane nan aktivite ekonomik lokal

Gade enfòmasyon yo [isit lai](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke nouvo Sant Nasyonal Komedi nan Jamestown, New York te demare konstriksyon ofisyèlman. Sant \$45 milyon an selebre istwa komedi, atizana, ak kontribitè li yo. Pou selebre kòmansman konstriksyon, ap gen plis pase 40 aktivite wikenn sa a ki pral enkli gwo komedi tankou Jerry Seinfeld, Melissa Rivers, Regis Philbin, Nick Offerman, Kelly Carlin, fanmi Harold Ramis, ansanm avèk anpil lòt.

“New York fyè pou l kay anpil lejann nan amizman, epi bati nouvo Sant Nasyonal Komedi a nan vil natal Lucille Ball se yon gwo onè ki pral pote alafwa vizitè ak kwasans ekonomik,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Administrasyon sa a ansanm avèk Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal angaje pou fè Lwès New York ale delavan, e nou fyè pou n ede finanse epi akeyi nouvo atraksyon enkwayab sa a.”

Pwojè Sant Nasyonal Komedi a gen ladan renovasyon de bilding istorik ansanm avèk konstriksyon yon nouvo bilding. Li prevwa pou l atire plis pase 114,000 vizitè chak ane epi bay \$23 milyon pou ranfòse ekonomi lokal la chak ane, pandan lap ranfòse plis devlopman ekonomik epi ede amelyore anviwonman ekonomik nan rejyon an. Yo prevwa Sant Nasyonal Komedi a ap jenere 218 djòb ak \$6.5 milyon nan salè pa ane nan twa konte Chautauqua, Cattaraugus, & Erie.

Pwojè Prezidan Tom Benson te deklare, “Anvèti pou resevwa finansman ki soti nan Eta New York, Sant Nasyonal Komedi a te fòmèlman adopte nan kad strateji touris alontèm nan tout eta e nap rete tann pou n kreye yon plas pou kè kontan ak ansèyman pou jenerasyon kap vini yo.”

Journey Gunderson, Direktè Egzekitif, te deklare, “Se yon gran plezi pou kolabore avèk Eta New York sou pwojè sa a. Jamestown deja mennen vizitè ki soti nan 37 eta nan Festival Komedi Bal anyèl Lucille e avèk sipò Gouvènè Cuomo na prale delavan avèk

kreyasyon yon eksperyans nasyonal vizitè nan komedi ki sètènman ap resevwa atansyon mondyal.”

Nan desanm 2014, Gouvènè Cuomo te atribye a Pwojè Sant Nasyonal Komedi yon Sibvstasyon Devlopman Ekonomik \$1,500,000. Avèk prim sa a, pwojè a te vini yon pati enpòtan nan devlopman ekonomik alontèm ak strateji touris pou Eta New York sa ki pral pèmèt li jwe yon wòl patenarya nan kanpay maketing rejyonal, nasyonal ak nan tout eta tankou Pwogram revitalize I Love NY.

Howard Zemsky, Prezidan ak PDG Empire State Development te deklare, “Sant Nasyonal Komedi a merite yon gwo aplodisman pakse li mete an valè rejyon an, nan plase Jamestown sou yon sèn mondyal, epi enstore yon sans fyète nan nou tout ki renmen Lucy.”

“Espesyalis Toruis NYS ak lidè yo nan endistri komedi a ap fè patenarya avèk non-pwofi National Comedy Center, Inc. pou mete Jamestown sou sèn mondyal la, epi gade Sant Nasyonal Komedi a grasa reyalite. Pwojè sa a merite yon gwo aplodisman paske li ranfòse apèl rejyon an pou vizitè yo ak enstore yon sans fyète lakay rezidan yo, ki pral toujou renmen Lucy yo a.”

Lucie Arnaz te deklare, “Desi ansanm avè m emosyone epi kontan anpil paske aktyèlman sa ap vini yon reyalite nan fason espektakilè. Nou konnen ke Manmi ta reyèlman etone nan grandè sa Jamestown li an tap fè. E mwen sèten li ta espesyalman rekonesan ke lavi ak karyè l te yon enspirasyon pou sa a, premye Sant Nasyonal Komedi kap vini yon reyalite. Li reprezante tout bagay li te vle ak egzakteman sa li te espere ki tap rive.”

Konstriksyon an pral kòmanse nan prentan 2016. Fabrikasyon ak enstalasyon eleman atraksyon an ansanm avèk kontni pwosesis akizisyon an pral swiv ak yon ouvèti ki vize pou fen prentan 2017 te etabli.

Sant Nasyonal Komedi 501(c)(3) non-profi desine pa konpayi ki gen renome kreyatif Jack Rouse Associates ak spesyalis entè-aktif Pwojè Lokal pou onore atizana avèk kontribitè lejann li yo avèk eksperyans egzibisyon entè-aktiv li yo, selebre pi bon komedi kontanporen avèk pwogramasyon l, epi kiltive art komedi avèk devlopman pwofesyonèl ak sipò pou atis yo. Sant Nasyonal Komedi a reprezante elajisman National Comedy Center, Inc. epi reponn a misyon l pou anrichi mond lan grasa pouvwa pou geri nan kè kontan avèk angajman l pou selebrasyon art komedi.

Sant Nasyonal Komedi a pral gen ladan:

- Re-itilize epi monte sou zèl estasyon tren istorik gateway Jamestown, sa ki pa twò lontan de sa te sibi yon renovasyon \$12 milyon nan koulwa estasyon an ak anvlop bilding lan.
- Renovasyon nan dezyèm bilding lan pou loje preske yon kawo espas egzibisyon.

- Nouvo konstriksyon yon bilding 6,000 pye kare ki pral antre atraksyon an epi dispoze 2 ekran videyo awotè elve wo definisyon.
- Lè li fini, Sant Nasyonal Komedi a pral ofri apeprè 28,000 pye kare espas atraksyon pou kliyan yo pwofite.

Senatè Charles E. Schumer te deklare, “Jamestown gen yon tradisyon komedi rich. Li sèlman adapte ke plas nesans Lucille Ball vini yon destinasyon pou moun ki renmen komedi nan Etazini. Mwen pa ka rete tann pou m wè nouvo etablisman sa ansanm avèk enèji li pral pote nan Konte Chautauqua. Si pwogram aktyèl ane sa a se nenpòt endikasyon, tradisyon rich ki te kòmanse avèk Lucy ak Desi pral fleri nan Jamestown pou deseni kap vini yo.”

Depite Tom Reed te deklare, “Mwen sousye osijè avni rejyon sa a e akòz de sa, mwen pral kontinye lite pou pwojè sa a. Mwen te vizite sit la byen bonè jodia e mwen kontan sou enpak sa a pral genyen sou Jamestown ak rejyon nou an. Yo prevwa pou l pote apeprè 200 djòb nan kominote a dirèkteman ak endirèkteman. Li sèlman jis ke nou bay moun yo nan rejyon nou an tout opòtinite pou reyisi e sa se yon lòt rapèl ke Jamestown ak Southern Tier ap retounen sou pye yo.”

Senatè Catharine Young te deklare, “Lucille Ball ak Desi Arnaz se deja moun ke yo apresye nan mond lan. Nouvo Sant Nasyonal Komedi a pral pote eritaj sa nan piwo somè, selebre reyalyasyon moun yo ki te pote lajwa ak kè kontan pou moun yo tankou yon art. Vizitè yo pral ponpe nouvo vi nan ekonomi rejyon an e atraksyon sa a pral elaji plas amizman pou rezidan nou yo. Se youn nan pwojè ki pi enteresan ke yo pat janm takle nan Southern Tier.”

Manm asanble Andy Goodell te deklare, “Jamestown pran komedi oserye. Nou apresye sipò Gouvènè Cuomo pou pwojè kwasans entelijan sa a ki pral kontribye nan revitalizasyon ekonomik rejyon an.”

Egzekitif Konte Chautauqua Vince Horrigan te deklare, “Sant Nasyonal Komedi a se yon chanjman strateji pou Konte Chautauqua ansanm avèk rejyon Lwès NY. Klèman yon nivo atraksyon nasyonal bèl pwojè sa a pral rasanble jèn ak granmoun ki soti lwen ak pre pou kè kontan epi pwofite de tout sa rejyon nou an ofri. Nou rekonesan anpil pou Eta NY nou an ak Patnè Fondasyon nan zòn lan kap fè rèv sa a vini yon reyalyte.”

Majistra Jamestown Sam Teresi te deklare, “Mwen kontan paske apre plizyè ane planifikasyon ak efò pou ranmase lajan, nouvo opòtinite devlopman sa a pou Vil Pèl New York Jamestown ansanm avèk tout rejyon Lwès la te finalman atenn yon pwen enplemantasyon. Klèman, gwo adisyon inik sa nan ekonomi sidwès New York se rezilta kolaborasyon kontinyèl sou plizyè nivo, enkli; tenasite Konsèy Direktè ak Anplwaye Sant Nasyonal Komedi yo, jenerozite Fondasyon Gebbie nan Jamestown ak Fondasyon Oishei nan Buffalo, efò angaje anplwaye Vil Jamestown epi andènye ki se sètènman pa pi piti a, vizyon Gouvènè Cuomo ak asistans finansye Empire State Development. Antanke Majistra Gwo vil sa a, se yon plezi ak onè pou m remèsye epi konplimante tout

ekip la ki te envesti resous ki nesesè, ki te fè sakrifis ak antreprann tout gwo travay di pou fè pwojè sa a vin posib. Kounye a, Mwen enpasyan e mwen pa ka tann pou 'sware ouvèti a!'

Lòt Enfòmasyon

Sant Nasyonal Komedi a fè pati nan eritaj vizyon kat-pilye kè kontan pou Mize & Sant Lucille Ball Desi Arnaz pou Komedi, enkli yon pwogram edikasyon komedi art, festival fim ak Festival anyèl Lucille Ball Festival Komedi.

Vi Natal Lucille Ball Jamestown, NY onore eritaj "Premye Koup Komedi" avèk Mize Lucille Ball Desi Arnaz. Atraksyon mize a ouvri sèt jou pa semèn, e li prezante yon seri kopi, prim Emmy Lucille Ball, kostim, souvni ki ra, avèk anpil lòt ankò. Pou jwenn enfòmasyon adisyonèl sou Sant & Mize Lucy Desi pou Komedi, ansanm avèk boutik kado l sou entènèt, vizite www.lucy-desi.com.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418